



Yo mande yo pou  
**YO KITE KATYE A**



Yo mande I **MONTRE YON PYÈS IDANTITE**



Yo mande I  
**DEGÈPI**



Yo mande I **SOTI NAN MAGAZEN AN**



**SIYALMAN MOUN POU FOUYE SAK**

# 5 Bagay Ou Ta Dwe Konnen osijè

## SIYALMAN MOUN KI BAZE SOU PREJIJE LAPOLIS

### Anba Lwa pou Dwa Moun Vil New York la

Sa konn rive lè lapolis oswa ofisyè mentyen lapè sible ou pou arete w oswa pou lòt aksyon penal lapolis, pa akòz enfòmasyon espesifik ki mete w anrapò avèk aktivite ilegal, men olye de sa akòz ou antre nan yon kategori moun Lalwa pwoteje akòz ras, peyi kote ou soti a, koulè, reliyon, laj, si ou etranje oswa sitwayen Etazini, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman. Epitou li gen dwa aplikab tou pou politik ak pwozedi ki gen yon enpak dispwopòsyone sou yon gwoup moun anpatikilye, menmsi yo pa sible gwoup moun sa a eksplisitman.

Komisyon pou Dwa Moun Vil New York la angaje li pou anpeche ak elimine siyalman moun ki baze sou prejiye lè envestige reklamasyon òganizasyon ak moun nan publik la prezante, Travay ak patnè nan kominate a pou edike rezidan Vil New York yo konsènan entèldiksyon an, kolabore avèk NYPD sou kesyon ki gen pou wè ak Lwa pou Dwa Moun Vil New York la; epi edike ajans Vil la pou yo konprann Lwa a pibyen epi travay avèk yo pou devlope politik ki entegre prensip divèsite ak enklizyon.

- 1 Tout moun nan Vil New York jwenn pwoteksyon pou ras yo oswa ras yo sanble ye, nan ki peyi yo soti, koulè, reliyon, laj, si yo etranje oswa sitwayen Etazini, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman. Sityasyon lojman gen pou wè ak kote ou abite—tankou yon bilding prive, yon lojman leta oswa sistèm abri—oswa si ou sanzabri.
- 2 Komisyon pou Dwa Moun Vil New York la ankouraje rezidan Vil New York yo denonse tout zak ki fè diskriminasyon, menmsi yo pa vle bay idantite yo. Komisyon an gendwa fè pwòp ankèt pa li san li pa revele idantite w.
- 3 Lalwa egzije pou si yo ka pwouve lapolis te bay yon siyalman yon moun nan fason ki baze sou prejiye, Komisyon an kapab bay ofisyè lapolis yo lòd pou sispann sible w epi mande yo pou yo fè fòmasyon konsènan seksyon lalwa sa a anba Lwa Dwa Moun Vil New York la. Li kapab egzije tou pou depatman lapolis la pran prekosyon anpls pou asire li konpòtman sa a p ap kontinye. Epitou, li kapab egzije pou ni ofisyè lapolis la ni depatman an kreye oswa ranfòse bon politik yo epi chanje move yo.
- 4 Lwa a vize Deptaman Lapolis Vil New York (New York Police Department, NYPD) ak ofisyè lapolis li yo. Li konsène tout ofisyè mentyen lapè Vil la anplwaye, tankou sheriff yo ak sèten gad nan etablisman Vil la. Li aplike tou pou "nèg ki fè patwouy espesyal" Depatman Lapolis Vil New York nonmen, tankou ofisyè sekirite lekòl.
- 5 Se pou yo denonse move ajisman lapolis opre Konsèy Resepsyon Plent Sivil (Civilian Complaint Review Board, CCRB) lan ki ankete tou reklamasyon ki gen pou wè ak fòs eksesif oswa ki pa nesesè, abi otorite, konpòtman malelve oswa lè ofisyè lapolis NYPD di betiz.

Rele 311 epi mande pou Komisyon Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) oswa rele Komisyon an dirèkteman nan **212-416-0197** si ou panse yon ofisyè lapolis oswa yon ofisyè mentyen lapè pa t respekte entèldiksyon siyalman ki baze sou prejiye Lwa Dwa Moun nan Vil New York lan.

Pou pote plent konsènan fòs ki eksesif oswa ki pa nesesè, abi otorite, konpòtman malelve, oswa si ofisyè Depatman Vil New York yo di betiz, al gade nan **NYC.gov/CCRB** oswa rele

**1-800-341-2272.**